



Pou Piblikasyon Imedya: 22/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A FÈ NAN KONBAT COVID-19

Gouvènè a ankouraje Nouyòkè yo pou kontinye itilize zouti yo pou pwoteje ak trete kont COVID-19 la: Vaksen yo, dòz rapèl yo, tès ak tretman an

Yo te rapòte 43 lanmò nan tout eta a yè, soti 18/06 pou rive 21/06

REMAKE: Mizajou nan fichye done kimilatif sou lanmò yo CDC yo te fon kanpe depi 6 jen 2022 pandan CDC ap mete sistèm li an ajou. Nan dat 22 jen 2022, rapò CDC yo poko reprann. Nenpòt kesyon sou sa ta dwe ale jwenn CDC. Pandan moman sa, kantite lanmò total ak nouvo lanmò chak jou yo ke yo rapòte atravè HERDS pral kontinye kòm dabitid.

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè eta a nan konbat COVID-19.

"Pandan n ap kontinye siveye nimewo yo, an nou itilize zouti yo ki te pèmèt nou avanse nan tout sekirite nan pandemi sa", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Asire ou ajou nan vaksen ak dòz siplemantè ou yo. Si ou se yon paran oswa swayan yon timoun ki gen omwen senk ane, pale ak pedyat ou sou opsyon vaksinasyon yo. Vaksen an san se pi bon defans nou genyen kont COVID-19, li efikas, san danje ak disponib byen fasil nan tout Eta a".

Nòt Enpòtan: Akòz fèt la, yo te sispann koleksyon done HERDS ki soti nan etablisman swen sante yo soti 18/06/2022 rive 21/06/2022. Yo te soumèt done ki soti nan jou sa yo nan rapò madi a. Kote yo endike sa, total yo gen ladan kat jou done kimile soti nan 18/06/2022 rive 21/06/2022. An konsekans, kèk done ka parèt pi wo pase dènye tandans yo epi li make anba a avèk yon asterisk.

Enfòmasyon jodi a rezime an brèf anba la a:

- **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun - 21.55**
- **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun an Mwayèn sou 7 Jou - 24.70**
- **Rezilta Tès yo te Rapòte yo - 91,382**

- **Total Pozitif** - 4,211
- **Pousantaj Pozitif** - 3.86%**
- **Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou** - 4.95%**
- **Kantite Pasyan Ki Entène Lopital** - 1,810 (-32)
- **Pasyan ki Fèk Entène** - 922*
- **Pasyan nan ICU** - 206 (-5)
- **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) avèk Entibasyon** - 86 (+15)
- **Kantite Moun Total Yo Bay Egzeyat** - 313,678*
- **Nouvo ka lanmò etablisman swen sante yo te rapòte atravè HERDS** - 43*
- **Etablisman swen sante yo rapòte total lanmò yo atravè HERDS** - 56,442*

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tèl la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Sistèm Done Repons Elektwonik sou Sante a (Health Electronic Response Data System, HERDS), se yon sous done DOH Eta NY ki kolekte done sou lanmò pa jou ki konfime nan lopital, mezon retrèt ak etablisman swen adilt yo rapòte yo sèlman.

Nòt Enpòtan: Anvigè apati lendi 4 avril, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services, HHS) federal la p ap egzije ankò enstalasyon tèl ki itilize antijèn rapid COVID-19 pou rapòte rezilta negatif. Pa konsekan, mezi pousantaj pozitif Eta New York la pral kalkile nan itilize sèlman rezilta PCR ke yo rapòte nan laboratwa. Tès antijèn pozitif yo pral toujou rapòte bay Eta New York epi rapòte nouvo ka chak jou ak ka pou chak 100 mil pral kontinye gen ladan tèl PCR ak antijèn yo. Akòz chanjman sa ak lòt faktè, sa gen ladan chanjman nan pratik tèl yo, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

- **Kantite lanmò total CDC rapòte ak konpile** - 71,670

Done pwovizwa sou sètifika lanmò COVID-19 pa jou ke DOH Eta NY ak Vil NY rapòte bay CDC a enkli moun ki mouri nan nenpòt kote ki enkli lopital, mezon retrèt, etablisman swen sante, lakay yo, nan ospis ak lòt etablisman yo.

- **Total dòz vaksen yo administre** - 39,241,470
- **Total dòz vaksen yo administre pandan 24 èdtan ki sot pase yo** - 13,467
- **Total dòz vaksen yo administre pandan 7 jou ki sot pase yo** - 87,793
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen** - 92.8%
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo** - 84.2%

- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 95.0%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 87.7%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 84.0%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 73.9%
- Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 82.3%
- Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo - 74.6%
- Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 90.9%
- Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 77.6%

Kantite ka mwayen pa popilasyon 100 mil moun sou 7 jou pou chak rejyon se konsa:

REJYON	Dimanch 19 jen 2022	Lendi 20 jen 2022	Madi 21 jen 2022
Capital Region	14.40	14.39	13.94
Central New York	9.51	9.80	9.71
Finger Lakes	8.72	8.70	7.93
Long Island	31.07	30.84	30.40
Mid-Hudson	24.49	23.87	22.94
Mohawk Valley	12.45	11.13	11.16
New York City	32.42	32.47	31.37
North Country	11.22	11.39	10.67
Southern Tier	10.99	10.74	10.22
Western New York	9.13	8.71	8.41
Nan tout Eta a	24.62	24.48	23.70

Pousantaj rezilta tèst pozitif an mwayèn sou 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa**:

Rejyon	Dimanch 19 jen 2022	Lendi 20 jen 2022	Madi 21 jen 2022
Capital Region	6.27%	6.23%	6.20%
Central New York	3.85%	4.02%	4.15%
Finger Lakes	4.57%	4.60%	4.38%
Long Island	7.78%	7.80%	7.81%
Mid-Hudson	5.35%	5.38%	5.29%
Mohawk Valley	4.78%	4.70%	4.80%

New York City	4.73%	4.73%	4.41%
North Country	4.98%	5.15%	4.93%
Southern Tier	3.79%	4.00%	3.92%
Western New York	5.61%	5.62%	5.55%
Nan tout Eta a	5.16%	5.18%	4.95%

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tèl la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitifite.

Pousantaj rezilta tèl pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite Vil New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa **:

Minisipalite nan NYC	Dimanch 19 jen 2022	Lendi 20 jen 2022	Madi 21 jen 2022
Bronx	3.74%	3.85%	3.98%
Kings	4.04%	3.87%	3.14%
New York	5.52%	5.64%	5.81%
Queens	5.54%	5.71%	5.75%
Richmond	5.31%	5.33%	5.17%

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tèl la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitifite.

Yè, te gen 4,211 Nouyòkè ki te teste pozitif pou COVID-19 nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin 5,523,624. Yon repatisyon jewografik prezante konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	67,132	38
Allegany	9,578	2
Broome	50,857	21
Cattaraugus	16,800	10
Cayuga	17,784	4
Chautauqua	25,764	12
Chemung	23,347	14
Chenango	10,238	1
Clinton	19,057	11
Columbia	11,456	10
Cortland	11,646	1
Delaware	8,720	6
Dutchess	70,618	46
Erie	236,675	94

Essex	6,487	9
Franklin	10,440	3
Fulton	14,032	11
Genesee	14,846	4
Greene	9,472	3
Hamilton	946	0
Herkimer	15,309	4
Jefferson	22,389	8
Lewis	6,585	2
Livingston	12,715	5
Madison	14,717	2
Monroe	169,379	46
Montgomery	13,015	12
Nassau	451,475	483
Niagara	53,088	17
NYC	2,540,481	2,213
Oneida	60,299	24
Onondaga	124,927	59
Ontario	22,382	11
Orange	116,344	93
Orleans	9,396	1
Oswego	29,574	11
Otsego	11,269	9
Putnam	26,284	21
Rensselaer	35,837	27
Rockland	100,319	70
Saratoga	52,715	36
Schenectady	37,501	29
Schoharie	5,563	2
Schuyler	3,866	1
Seneca	6,578	1
St. Lawrence	23,132	6
Steuben	22,057	10
Suffolk	468,726	365
Sullivan	20,268	12
Tioga	12,145	7
Tompkins	22,496	19
Ulster	35,706	13
Warren	15,715	13
Washington	13,546	1

Wayne	19,048	6
Westchester	280,061	266
Wyoming	8,988	3
Yates	3,834	3

Anba a se done ki montre konbyen moun ki entène ki te teste pozitif pou COVID-19 epi ke yo te admèt pou COVID-19/konplikasyon COVID-19 ak konbyen ke yo te admèt pou kondisyon ki pa COVID-19:

Rejyon	Pasyan COVID-19 yo aktyèlman entène	Admèt akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Pousantaj (%) yo admèt akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon	Pousantaj (%) yo admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon
Capital Region	107	67	62.6%	40	37.4%
Central New York	47	28	59.6%	19	40.4%
Finger Lakes	202	49	24.3%	153	75.7%
Long Island	330	142	43.0%	188	57.0%
Mid-Hudson	169	67	39.6%	102	60.4%
Mohawk Valley	20	8	40.0%	12	60.0%
New York City	784	326	41.6%	458	58.4%
North Country	41	25	61.0%	16	39.0%
Southern Tier	39	14	35.9%	25	64.1%
Western New York	71	33	46.5%	38	53.5%
Nan tout Eta a	1,810	759	41.9%	1,051	58.1%

Kounye a, varyant Omikwon an reprezante plis pase 95% viris ki an sikilasyon. Pou jwenn plis enfòmasyon sou trasaj varyant lan, tanpri vizite isit la: ([Done Varyant COVID-19 | Depatman Sante \(ny.gov\)](https://www.ny.gov/newsroom/done-varyant-covid-19)).

Soti 18/06 pou rive 21/06, te gen 43 nouvo lanmò total yo te rapòte akòz COVID-19, sa ki mennen total la nan 56,442. Repatisyon jewografik la prezante konsa, dapre konte rezidans:

Konte	Nouvo Lanmò yo
Bronx	1
Cattaraugus	2
Chemung	1
Erie	2
Kings	9
Monroe	2
Montgomery	2
Nassau	3
New York	2
Oneida	1
Orange	3
Queens	3
Rockland	1
Saratoga	1
Suffolk	6
Westchester	4

Tout sit vaksinasyon an mas Eta New York yo ouvri pou Nouyòkè yo ki elijib ki gen 5 ane ak plis, pou vaksinasyon san randevou nan tout sitye yo sou baz ke se moun ki vini an premye yo ke y ap sèvi anvan pou moun ki gen 12 zan ak plis. Enfòmasyon sou ki sit ki egzijte randevou pou timoun ki nan gwoup laj 5-11 ane disponib sou [sit entènèt nou an](#). Moun ki ta prefere fikse yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas eta a jere ka fè sa sou [Am I Eligible App](#) (Aplikasyon Èske Mwen Elijib) oswa lè yo rele 1-833-NYS-4-VAX. Moun yo ka kontakte depatman sante lokal, famasi, doktè oswa lopital yo tou pou fikse randevou kote vaksen yo disponib, oswa vizite [vaccines.gov](#) pou jwenn enfòmasyon sou randevou vaksen ki toupre yo.

Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5-11 zan yo pou yo kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran yo ak gadyen yo ka vizite [vaccines.gov](#), voye mesaj tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki tou pre yo. Asire w ke founisè a ofri vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa ko otorize pou gwoup laj sa a.

Vizite [sitwèb](#) nou an pou paran ak gadyen yo jwenn nouvo enfòmasyon, kesyon ak repons yo poze souvan yo, ak resous ki fèt espesyalman pou paran ak gadyen nan gwoup laj sa a.

Yè, 2,205 Nouyòkè resevwa premye dòz vaksen yo epi 1,727 pran tout seri vaksen yo a. Yon repatisyon jewografik Nouyòkè ki vaksinen selon rejyon yo prezante konsa:

Done Vaksinasyon Rejyonal yo dapre Lokal Founisè a				
	Moun ki pran omwen yon dòz vaksen		Moun ki pran tout seri vaksen yo	
Rejyon	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan ki sot pase yo	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan ki sot pase yo
Capital Region	972,754	96	893,408	95
Central New York	652,135	56	605,267	52
Finger Lakes	874,105	90	813,219	87
Long Island	2,216,688	396	1,979,755	278
Mid-Hudson	1,733,242	248	1,528,051	195
Mohawk Valley	328,465	40	306,572	27
New York City	8,159,535	1,064	7,243,031	817
North Country	308,646	45	279,995	32
Southern Tier	448,598	59	410,469	57
Western New York	965,999	111	891,398	87
Nan tout Eta a	16,660,167	2,205	14,951,165	1,727
Dòz rapèl/vaksen adisyonèl				
Rejyon	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan ki sot pase yo	Ogmantasyon pandan dènye 7 jou yo	
Capital Region	569,155	676	3,764	

Central New York	381,947	364	2,057	
Finger Lakes	595,020	695	4,002	
Long Island	1,360,860	1,402	9,062	
Mid-Hudson	1,066,161	1,483	9,184	
Mohawk Valley	198,434	196	1,219	
New York City	3,505,266	3,353	25,229	
North Country	179,587	189	930	
Southern Tier	269,616	412	1,940	
Western New York	633,295	674	3,773	
Nan tout Eta a	8,759,341	9,444	61,160	

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen kont COVID-19 la. Depatman Sante Eta New York egzije pou enstalasyon vaksinasyon yo rapòte tout done administrasyon vaksen COVID-19 yo nan 24è oplita; y ap aktyalize done administrasyon vaksen ki sou tablodò a toulejou pou chif yo reflekte kontaj ki pi resan pou kanpay vaksinasyon Eta a. Done ki soti nan NYSIIS ak CIR ke Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la rapòte gen ti diferans ak done ki rapòte sou plan federal la, sa ki gen ladan l dòz yo bay sou plan federal yo ak lòt ti diferans. Toulede chif yo enkli nan piblikasyon ki anlè la a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)